



# A.D. HENDERSON SCHOOL/FAU HIGH SCHOOL

## Rezime plan angajman paran ak fanmi yo pou lane 2018-2019

A.D. Henderson University School / FAU High School pran rezolisyon pou fè tout efò posib pou enplike paran yo ak manm kominote a nan aktivite ak rankont yo nan lekòl la pou ka ankouraje bon jan relasyon epi fòme yon patenarya ki djanm.

### Patisipasyon paran yo ak kominote a

- Se aktivite ki dekri anba yo ki pral kowòdone desizyon pataje k ap pran yo:
  - Rankont anyèl paran Tit I
  - Konvèzasyon ak paran kote gen kafe ki sèvi
  - Rankont Komite Konsiltatif Lekòl la (SAB)
  - Rankont Òganizasyon Paran-Pwofesè (PTO)

### Kowòdinasyon ak entegrasyon

- Nou pral envite paran yo patisipe nan yon plan pou rankont ak fòmasyon paran yo ke plizyè gwoup lidèchip nan lekòl la kowòdone konsa:
  - Sware patisipasyon fanmi yo
  - Rankont SAB yo
  - Sware pòt louvri/kourikoulòm
  - Sware ekspozisyon sou syans
  - Sware teknoloji pou paran
  - Lwa pou Moun ki gen Andikap (IDEA)
  - Òganizasyon Pwofesè Paran (PTO) an kowòdone
  - Prezidan SAB ak manm SAB yo kowòdone
  - Administrasyon ak pèsonèl la kowòdone
  - Depatman syans lan kowòdone
  - Administrasyon ak pwofesyonèl prensipal yo kowòdone
  - Ekip Edikasyon pou Elèv Eksepsyonèl yo kowòdone

### Rankont anyèl paran

- Nou envite paran yo vin patisipe nan rankont sa pou ka aprann plis sou Tit 1 an ansanm ak Pwogram Èd Sible a. Rankont sa ap fèt chak ane nan mwa oktòb. Nou enfòme paran yo atravè metòd yo ki dekri anba a:
  - Bilten nouvèl mansyèl Kominote a
  - Afiche li nan kalandriye aktivite lekòl la
  - Bilten nouvèl pwofesè yo ak sit entènèt yo
  - Rapèl pa imèl kòm alèt nan jou vandredi chak semèn
  - Rezo sosyal/sit entènèt

### Rankont fleksib ak paran

- Nou ofri rankont fleksib yo nan altène jou ak lè pou aktivite paran yo koumanse, nan planifye rankont ak paran nan lòt lè apre epi nan fè vizit lakay paran yo lè sa nesesè.

### Ranfòse kapasite

- Nou ranfòse kapasite yo atravè inisyativ patisipasyon paran yo ke pwofesè, pèsonèl ak administrasyon an kowòdone nan ede paran yo pi byen konprann atant, kourikoulòm, egzijans kou yo ak egzijans pou gradyasyon pa mwayen sware pòt louvri, sware teknoloji pou paran ak konvèzasyon ak paran kote gen kafe ki sèvi.

### Kominikasyon

- Lekòl la pral kominike ak paran yo atravè bilten nouvèl mansyèl kominote a, bilten nouvèl klas la ak sit entènèt yo, rankont SAB yo, rankont paran yo, afich nan kalandriye lekòl la, nòt yo ki ajoute chak de semèn sou sistèm Focus la, sit entènèt ki ajou, rezo sosyal, Alèt chak semèn sou tablo, rankont PTO yo ak Sant Resous pou Paran an.

### Aksè

- Enfòmasyon pou paran yo pral disponib nan rankont IEP yo pou elèv (ESE) yo.
- Rankont akademik paran yo pral pwograme avèk pwofesè, administrasyon ak konseye oryantasyon yo jan sa nesesè.
- Nou pral voye kominikasyon alekri nan lang angle, espayòl, pòtigè ak kreyòl nenpòt lè sa posib.